

# *Politik sou èd finansyè — enfòmasyon jeneral nan lang sén*

## **Sistèm Swen NCH**

### **Èd finansyè ki ofri**

Mision Sistèm Swen NCH la se pou ede tout moun viv pi long, gen kè kontan, epi pi byen pòtan. Kòm yon pati nan misyon sa a, Sistèm Swen NCH la ofri, pasyan ki pa kapab peye pou swen ijan oubyen medikal ki nesesè, èd finansyè nan politik sou èd finansyè (Financial Assitans Policy, FAP) li a. Nan lopital Sistèm Swen NCH, nou ofri bay pasyan, ki kalifye, èd pou ijans medikal ak swen ki gen yon nesesite medikal. Politik pou èd finansyè a kouvri gwoup doktè NCH yo ki founi swen ijan epi medikal ki nesesè nan yon lopital Sistèm Swen NCH. Doktè ki pa nan gwoup medsen NCH yo gendwa ofri pwogram èd finansyè, selon jijman yo. W ap jwenn, anliy, yon lis doktè ak lòt founisè ki nan gwoup medsen NCH avèk kouvèti FAP, nan [www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info](http://www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info).

**Kondisyon sou kalifijastib ak èd ki ofri** Kalifikasyon pou èd finansyè baze sou plizyè bagay, tankou pwoblèm medikal la ak ki swen ki nesesè, kouvèti asirans ak lòt sous peman (an kontan reklamasyon pou blesi endividiyèl), salè (direktiv sou nivo povrete federal ki sèvi pou detèmine montan èd finansyè k ap ofri), konbyen moun ki gen nan fanmi a, tout byen, ak tout konsidérasyon espesyal pasyan oubyen doktè a swete konsidere.

Èd finansyè ofri bay pasyan ki swa pa gen asirans oswa pa gen ase asirans. Yon èd finansyè an pati oubyen total ap akòde an fonksyon sou kapasite pasyan an pou l peye frè ki faktire yo.

Pasyan yo dwe suiv korèkteman pwosesis aplikasyon an, an kontan soumèt dokiman taks li plen, relve bankè ak chèk pewòl, epi ranpli aplikasyon pou demann èd finansyè pou tout sous èd ki disponib, an kontan Medicaid oubyen lòt chwa finansman ki disponib.

### **Kijan pou fè yon demann pou èd**

Pasyan an oubyen nenpòt moun ki patisipe nan swen pasyan an, tankou yon fanmi oubyen founisè, ka, nenpòt lè pandan pasyan an ap resevwa swen, di enkyetid yo gen sou kesyon finansyè a. Pasyan an oubyen pati responsab la ap ankouraje, lè sa a, pou l ranpli yon aplikasyon pou fè yon demann pou resevwa èd finansyè. Pasyan an oubyen reprezantan li an, gendwa, nenpòt lè anvan epi pandan tretman an, fè aplikasyon pou yon demann pou èd finansyè depi li ranpli yon aplikasyon pou demann èd finansyè, e l kapab fè sa jouk nan rezolisyon final fakti li a.

Èd finansyè gen limit sou swen medikal ki founi nan lopital Sistèm Swen NCH la epi sou pèsònèl medikal Sistèm Swen NCH yo. Frè tankou transpò, manje, kote pou dòmi, aparèy medikal dirab, ak preskripsyon pa kouvri nan politik èd finansyè sa a. Sistèm Swen NCH la ap respekte konfidansyalite ak diyite chak pasyan, e tout enfòmasyon ki soumèt pou resevwa yon èd finansyè, ap trete kòm yon enfòmasyon sante ki pwoteje dapre Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA).

### **Ki kote ou kapab jwenn fotokopi**

Aplikasyon ak politik sou èd finansyè Sistèm Swen NCH disponib gratis depi w sonnen Sèvis kliyantèl pou kont pasyan yo nan nimewo 239-624-6400 oubyen 800-436-8454 kote w ka mande pou yo voye ba ou yon kopi swa pa lapòs oswa pa imèl. Enfòmasyon sa a disponib tou sou sit entènèt nou a nan [www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info](http://www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info). Fotokopi politik la ak applikasyon yo disponib tou nan biwo admisyon tout lopital Sistèm Swen NCH yo, epi tou nan tout saldijans yo.

### **Pa plis pase montan ki faktire anjeneral (Amount Generally Billed, AGB)**

Yon pasyan detèmine pou l kalifye pou l resevwa èd finansyè pa gendwa faktire plis pase montan ki jeneralman faktire pou ijans oubyen lòt swen ki gen yon nesesite medikal pou pasyan ki pa gen asirans pou swen sa yo. Lè yon pasyan admèt pou l resevwa yon èd finansyè, pasyan an pa p dwe plis pase montan ki faktire an jeneral (amount generally billed, AGB) bay moun ki gen asirans. Naples Community Hospital itilize metòd « look back » pou l kalkile AGB a pou lopital li yo. AGB a se maksimòm n ap pran nan men yon pasyan ki kalifye. AGB a baze sou tout reklamasyon ki pèmèt dapre Medicare, Medicare, ak asirans medikal prive sou yon peryòd 12 mwa, divize pa frè brit pou demann sa yo. Kalkil AGB pou lopital la disponib anliy nan

## **Asistans epi ak kilès pou kominike**

Ou ka jwenn enfòmasyon siplemantè sou asistans ak politik sou èd finansyè a ak pwosesis aplikasyon an nan men sèvis kliyantèl pou kont pasyan an nan :

- Anliy nan [www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info](http://www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info)
- Ou gendwa sonnen tou nimewo 239-624-6400 oubyen 800-436-8454
- ou ale nan biwo kont / biznis pasyan an yo nan :
- NCH Business Center  
1100 Immokalee Rd, Suite 100  
Naples, FL 34109

Lendi jouk vandredi 9:00 am - 4:30 pm

## **Pou moun ki pa pale anglè**

Tradiksyon politik sou èd finansyè a, aplikasyon pou èd finansyè a, ak enfòmasyon jeneral sa a nan lang senp disponib nan [www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info](http://www.nchmd.org/Patients-and-visitors/billing-info) oubyen lè w sonnen Patient Accounts/Business Office nan swa 239-624-6400 oswa 800-436-8454.